



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU NOUVO MEZI POU ANPECHE KONDWI MAL SOU WOUT AK EVITE FRAPE NAN PON SOU LONG ISLAND

Nouvo siy ak mak sou chose yo amelyore sekirite sou kèk nan otowout ki pi frekante nan Long Island

Gade imaj yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon seri nouvo amelyorasyon sekirite sou plizyè otowout Long Island pou anpeche kondwi mal sou wout epi ede anpeche kamyon yo ak lòt veyikil ki trè wo yo frape nan pati siperyè wout pak (parkway) yo. Plizyè milye nouvo siy ak mak sou chose ki trè reflechi te enstale nan plis pase 700 kote chwazi pou sansibilize chofè yo plis ak amelyore sekirite sou kèk nan otowout ki pi frekante nan Konte Nassau ak Suffolk. Nouvo mezi yo satisfè oswa depase tout estanda otowout eta ak federal pou sekirite.

"Chofè ki pa kòrèk yo ak veyikil ki trè twò wo yo poze danje sekirite evidan ki ka lakòz trajedi nou pa ka dekri epi mennen nan reta ak difikilte ki pa nesèsè pou otomobilis yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo siy ak mak sou chose sa yo, n ap bay avètisman ki difisil pou inyore k ap ede dekouraje chofè nan lòt sans yo ak kamyon ki trè wo yo pou pwoteje sekirite lòt otomobilis yo".

□

Nouvo amelyorasyon sekirite yo gen ladan plis pase 3,600 nouvo siy "Move Sans" ak "Pa Antre" ki te enstale nan 422 wout pak, wout ekspres, ak ranp otowout yo pou dekouraje chofè ki nan move sans yo antre nan otowout gwo vitès, wout ekspres ak wout pak sou Long Island yo. Fas ak sikilasyon nòmal la, pral gen yon sèl siy "Pa Antre" k ap gen apresa kat siy "Move Sans". Tout pano yo gen bann wouj reflechi pou ogmante vizibilite yo. Yo te enstale lòt mak sou chose ak reflektè sou chose a tou sou ranp yo pou alète chofè rebèl yo.

Pou anpeche frape pon yo, yo enstale nouvo siy ak pano avètisman davans ki trè reflechi nan 282 lokal sou Wout Pak Eta Sid, Nò, Meadowbrook, Wantagh, Bethpage, Heckscher, Sagtikos, ak Sunken Meadow ak chose Robert Moses. Yo afiche wotè chak pon epi yo gen reflektè sou pano yo. Nouvo siy yo apeprè 75 pousan pi gwo pase siy anvan yo epi yo bay anpil avètisman pou ede chofè kamyon yo evite fè kolizyon ak pasaj siperyè a.

Anplis de sa, y ap enstale mak sou chose yo ki avèti "Degajman Pon ki Ba" tou nan 17 kote nan wout pak ki sible a pou ogmante sansibilizasyon.

Wout pak eta Long Island yo te konstwi nan mitan 20yèm syèk la avèk pon ki gen fòm ak avèk wòch ki ba epi yo te gen entansyon sèlman akomode veyikil pasaje yo. Men pandan uit deseni ki sot pase yo, objektif yo te evolye soti nan wout panoramik pou plezi vizitè pak eta yo rive nan gwo wout transpò ki konekte kominote banlye nan Vil New York.

Twò souvan, kamyon ak lòt veyikil ki trè wo - san yo pa konnen restriksyon sou wotè wout pak eta yo - te antre nan wout pak yo epi frape pasaj siperyè yo, sa ki lakòz anbouteyaj trafik ak domaj nan enfrastrikti otowout yo.

Nouvo siy ak mak sou chose yo konplete 16 detektè veyikil ki trè wo nan kote yo chwazi nan ranp kote yo te konnen kamyon yo antre souvan nan otowout yo. Teknoloji sa a deklanche yon siy avètisman pou notifiye chofè kamyon an epi avèti sant jesyon trafik rejyonal Depatman Transpò Eta a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Sekirite se toujou pi gwo priyorite Depatman Transpò a epi nouvo siy ak mak sou chose sa yo pral ede nou konbat ka danjere kondwi nan move sans ak frap nan pon sou wout Long Island yo. Sepandan, sekirite se responsablite tout moun. Pandan ke nou rete angaje nan fè tout sa nou kapab pou amelyore sekirite wout nou yo, nou bezwen pou otomobilis yo obeyi règ wout yo, kondui yon fason responsab epi rete vijilan toutan".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Konte Suffolk angaje pou l asire wout nou yo an sekirite nan mezi sa posib epi nou te aplike divès inisyativ ak estrateji ki ede kenbe chofè yo an sekirite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Eta New York paske yo te pran mezi pwoaktif adisyonèl pou diminye ak anpeche aksidan grav ak aksidan mòtèl nan Long Island".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Bruce Blakeman, te deklare "Amelyorasyon sekirite enpòtan Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede rann otowout nou yo vin pi an sekirite pou plizyè santèn milye otomobilis Konte Nassau ki itilize yo chak jou".

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Nou ankouraje otomobilis yo pou yo planifye kòm sadwa epi kondui yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Jwenn NYSDOT sou Twitter nan [@NYSDOT](#) ak [@NYSDOTLI](#). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)